



Pou Piblikasyon Imedya: 15/08/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PRAL AJOUTE “DISPOZISYON CHARLOTTESVILLE” LA YO
NAN LWA KONT KRIM LAHÈN NEW YORK LA**

***Nouvo Lejislasyon an pral Klasifye Ankourajman Manifestasyon ak
Manifestasyon ki Sible Klas Pwoteje yo Kòm Enfraksyon konte
Lwa Kont Krim Lahèn Eta a***

***Li Mande tou pou Lejislasyon an Agrandi Pwoteksyon Lwa sou Dwa Imen yo pou
Pwoteje tout Etidyan Lekòl Piblik atravè Tout Eta a***

Aprè evènman vyolan ak fatal ki te rive nan Charlottesville la wikenn ki sot pase a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a li pral fè vanse lejislasyon pou ajoute kòm krim ankourajman manifestasyon ak manifestasyon ki sible klas pwoteje yo nan lis enfraksyon ki espesifye nan Lwa kont krim lahèn (Hate Crimes Law) eta a. Chanjman k ap fèt nan lejislasyon sa, yo rele yo dispozisyon Charlottesville la yo (Charlottesville provisions), yo pral reyafime byenke yo pèmèt moun fè manifestasyon, New York pap janm tolere defans oswa ankourajman vyolans iminan kont klas pwoteje anndan kominote nou yo.

“Evènman lèd ki sot pase nan Charlottesville la pa dwe janm repete ankò, epi nan New York nou pral kanpe ini kont tout fòm lahèn”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Divèsite nou se fòs nou epi lejislasyon sa pral ede pwoteje Nouyòkè yo epi voye yon mesaj byen klè ki di vyolans ak diskriminasyon pa gen okenn plas nan sosyete nou an. New York se yon sèl kominote ak yon sèl fanmi, epi nou pap janm sispann goumen pou nou garanti sekirite ak tretman egal pou tout Nouyòkè yo”.

Anplis de sa, Gouvènè a ap mande yon lòt fwa ankò pou yo agrandi Lwa sou Dwa Imen (Human Rights Law) Eta a pou l pwoteje tout etidyan nan tout eta nèt. Daprè lalwa ki an plas kounye a, sèlman etidyan lekòl prive yo Lwa sou Dwa Imen an pwoteje, ki vle di si yo diskrimine kont yon etidyan nan yon lekòl piblik, etidyan sa a pap ka fè pwochè kont diskriminasyon sa a.

Dispozisyon Charlottesville la yo

Konfòmman ak lwa eta a, yon moun komèt yon krim lahèn lè li poze yon zak, pami yon seri zak byen espesifik, ki sible viktim lan akòz yon pèsesyon oubyen yon kwayans sou ras, koulè, peyi orijin, zansèt, sèks, relijyon, pratik relijye, laj, andikap oswa

oryantasyon seksyèl li, oubyen lè zak ki poze a se rezilta kalite pèsepsyon oubyen kwayans sa. Yo ka poze krim lahèn kon yon moun oubyen kont yon gwoup moun oubyen kont pwopriyete prive oswa piblik. Nan kad pwopozisyon Gouvènè a, yo pral modifye Lwa kont Krim Lahèn lan pou yo ajoute ankourajman pou fè manifestasyon ak manifestasyon nan lis enfraksyon yo espesifye kòm krim lahèn yo ka pini dapre lwa, lè sa sible yon klas pwoteje. Sanksyon pou moun ki patisipe nan manifestasyon sa yo pral ogmante soti nan yon krim klas E pou pase a yon krim klas D epi ankourajman manifestasyon pral ogmante soti nan yon deli minè klas A pou pase a yon krim klas E.

Agrandisman Lwa sou Dwa Imen an

Anplis de modifikasyon nan Lwa kont Krim Lahèn lan, Gouvènè ap mande pou yo pran mezi lejislatif pou modifye Lwa sou Dwa Imen an pou l pwoteje tout etidyan nan lekòl ak enstitisyon piblik yo kont diskriminasyon. Apre desizyon Kou Dapèl Eta New York la (New York State Court of Appeals) te pran an 2012 la ki te dekrete lekòl piblik pa satisfè definisyon “sosyete oswa asosyasyon edikasyon” an, Divizyon Dwa Imen Eta an (State Division of Human Rights, DHR) pèdi kapasite pou fè ankèt sou rapò entimidasyon, asèlman, oswa lòt diskriminasyon etidyan lekòl piblik yo konn ap fè yo. Yo te pran desizyon sa a malgre Divizyon an gen jiridiksyon sou lekòl piblik yo pou plis pase twa deseni epi sa a te fòse yo rejte plis pase 70 ka ouvè yo te depoze kont lekòl piblik yo nan lè sa a.

Yè, Gouvènè Cuomo te [siyen lejislasyon](#) k ap bay pwokirè yo plis zouti pou yo konbat lahèn lè li pèmèt pwokirè yo ogmante sanksyon kont sila yo k ap fè menas bonb kont sant kominotè yo.

An Novanm 2016, Gouvènè Andrew M. Cuomo [te anonse](#) pandan yon diskou li te bay nan legliz batis Abyssinian Baptist Church la, plizyè mezi l ap pran pou pwoteje dwa sivil ak konbat krim lahèn nan New York, ki gen ladan kreyasyon yon Inite nan Lapolis Eta a pou fè ankèt sou rapò krim lahèn yo, yon agrandisman Lwa sou Dwa Imen eta a pou pwoteje tout etidyan yo, epi li mete sou pye yon nouvo fon pou defans jiridik ijan pou imigran yo. Lapolis Eta a te kreye yon nouvo inite kont krim lahèn epi Gouvènè Cuomo te lanse premye inisyativ patenarya piblik ak prive nan peyi a pou ofri defans jiridik pou imigran yo rele Pwojè Defans Libète (Liberty Defense Project), men lejislati Eta a poko pase lejislasyon ki pou agrandi Lwa sou Dwa Imen an.

Pwoteje Dwa Sivil yo epi Konbat Krim Lahèn

Nou ankouraje Nouyokè ki fè eksperyans patipri oubyen diskriminasyon yo rele nan [liy ijans gradis](#) DHR an nan (888) 392-3644 soti 9 è a.m. rive 5 è p.m. lendi - vandredi. Si w vle repòte yon krim oubyen krent pou sekirite w, rele 911 imedyatman.

Si w te viktim yon krim, ou ka kontakte Biwo Eta New York pou Sèvis Viktim (Office of Victim Services, OVS) ki finanse 223 pwogram nan tout eta a ki bay sèvis dirèk tankou entèvansyon ak oryantasyon pou viktim krim, ki enkri krim lahèn. Pwogram sa yo ka ede tout viktim krim tou pou aplike pou dedomajman ak lòt èd nan ajans lan, ki se yon rezo sekirite pou tout moun ki pa gen lòt resous. Moun k ap chache èd nan men OVS yo ka chache founisè sèvis sou entènèt nan: <https://ovs.ny.gov/locate-program>. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite: www.ovs.ny.gov.

New York gen distenksyon fyè pou l premye eta nan peyi a ki adopte yon Lwa sou Dwa Imen ki bay chak sitwayen “yon opòtinite egal pou pwofite yon lavi konplè epi pwodiktif”. Divizyon Dwa Imen Eta New York la se ajans ki anchaj pou aplike lwa sa, ki entèdi diskriminasyon nan travay, lojman, akomodasyon kredi, ansanm avèk lòt jiridiksyon, ki baze sou laj, ras, peyi orijin, sèks, oryantasyon seksyèl, estati matrimonyal, andikap, estati militè, ansanm avèk lòt klas presi. Pou plis enfòmasyon sou Lwa sou Dwa Imen ak travay ajans lan, vizite sit entènèt Divizyon Dwa Imen an nan www.dhr.ny.gov.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418